

**PROBLEM KAJIWANE PARAGA UTAMA WANITA SAJRONE NOVEL PURNAMA KINGKIN
ANGGITANE SUNARYATA SOEMARDJO**
(TINTINGAN PSIKOANALISIS SIGMUND FREUD)

Andi Febrianto, Prof. Dr. Darni, M.Hun

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
Febrianandi889@gmail.com

Abstrak

Paraga utama wanita sajroning novel *Purnama Kingkin* yaiku Asih. Asih minangka paraga utama kang ngalami maneka warna problem kajiwane. Problem kajiwane utawa problem batin mujudake problem kang dumadi sajroning ati utawa jiwané paraga. Problem kajiwane kang tuwuhan sajroning paraga utama amerga akeh pepinginan sing ana ing atine kang ora disembadani jalaran antarane pamikir lan pangrasane beda. Mula tintingan kang dianggep paling trep digunakake kanggo njlentrehake kapribaden lan problem kajiwane paraga utama wanita yaiku tintingan psikoanalisis Sigmund Freud.

Adhedhasar andharan ing ndhuwu, underaning panliten sajroning panliten iki yaiku: (1) kepriye struktur kapribadene paraga utama wanita sajrone novel *Purnama Kingkin*?, (2) kepriye problem kajiwane paraga utama wanita sajrone novel *Purnama Kingkin*?, (3) Kepriye mekanisme pertahanan *ego* sajrone novel *Purnama Kingkin*?. Adhedhasar prekara-prekara kasebut, mula ancuse panliten iki yaiku: (1) ngandharake struktur kapribadene paraga utama wanita sajrone novel *Purnama Kingkin*, (2) ngandharake problem kajiwane paraga utama wanita sajrone novel *Purnama Kingkin*, (3) ngandharake mekanisme pertahanan *ego* sajrone novel *Purnama Kingkin*. Panliten iki diajab bisa menehi paedah yaiku: (1) Kanggo studi sastra, panliten iki dikarepake bisa menehi sumbang sih kanggo ngrembakake pengetahuan bab telaah sastra mliline ngenani psikologi sastra, (2) Kanggo pamaos, panliten iki bisa menehi greget kanggo nglestarekake sastra mliline sastra Jawa kang saya suwe saya ilang utawa bisa nambahi referensi tumrap sapa wae kang maca, (3) Kanggo piwulangan sastra, panliten iki muga-muga bisa didadekake sumber informasi kritik sastra ing sajroning pengajaran sastra ing donyane pawiyatan, (4) Kanggo panliten sabanjure, bisa kanggo refrensi tumrap panlitene.

Panliten iki minangka panliten kualitatif kang nggunakake metodhe diskriptif. Sumber dhatane yaiku teks novel *Purnama Kingkin* anggitane Soenaryata Soemardjo, kanthi dhata awujud tembung-tembung, ukara lan wakan kang ana gegayutan karo underaning panliten. Teknik ngolah dhata kang digunakake yaiku analisis dhata, diskripsi asil analisis, lan dudutan asil panliten.

Andharan asiling panliten mujudake maneka warna gegambaran ngenani psikologi sastra mliline ing psikoanalisis Sigmund Freud. Asih minangka paraga utama wanita kang nduweni *id* kang luwih gedhe tinimbang *ego* lan *superego*. Kanthi *id* sing luwih gedhe, pepinginan-pepinginan sajroning atine akeh kang ora disembadani karo *ego*-ne. Mula antarane *id* karo *ego* ora bisa selaras utawa *id* ora disembadani karo *ego* lan *superego* bakal nuwuhake problem kajiwane paraga utama wanita, amerga paraga utama wanita amung nduweni pepinginan sajroning atine tanpa pengin mujudake.

Problem kajiwane kang onjo sajrone paraga utama wanita ing novel iki ana lima, yaiku bingung, sedhiih, keduwung, kuwatir, lan luput. Saka kalima problem kasebut sing paling onjo yaiku ngenani bingung, amerga sajroning atine ora nduweni sesambungan antarane pepinginan lan upayane. Problem kajiwane kasebut tuwuhan amerga *id*, *ego*, lan *superego* kang kadhang ora bisa lumaku kanthi selaras.

Mekanisme kang digunakake ana papat yaiku *rasionalisasi*, *sublimasi*, *represi* lan *proyeksi*. *Rasionalisasi* minangka wujud *mekanisme pertahanan* kang digunakake dening pawongan kanggo mbenerake tumindake marang awake dhewe lan wong liya. *Sublimasi* kalebu cara sing ditindakake kanggo ngilangi rasa ora kepenak ing ati kanthi cara nglipur dhiri utawa nindakake pakaryan sing luwih miguna. *Proyeksi* minangka sawijining tumindak kang ditindakake pawongan kanggo nutupi tumindak salahé kanthi sengaja. *Represi* yaiku *mekanisme* sing ditindakake *ego* kanggo ngurangi rasa kuwatir kantrihi cara meksa dorongan-dorongan utawa pepinginan sing dadi panyebabe rasa kuwatir kasebut menyeng sajrone ora sadhar. *Mekanisme* kang digunakake beda-beda amerga problem kang dialami uga beda-beda. Mula mbutuhake *mekanisme* tartamtu kanggo mungkasi bab tartantu.

PURWAKA

Landhesaning Panliten

Sastra yaiku salah sawijining wujud nyata saka asiling sastrawan nyuntak ide-ide kang kreatif. Sacara umum karya sastra dimangertení minangka asil saka pakaryan seni kreatif lan panguripan manungsa.

Panguripan kasebut asale saka pengalaman pengarang, saka pengalaman batin, pengalaman sosial, pengalaman budaya, pengalaman religius, lan pengalaman estetik. Dadi karya sastra yaiku gambaran panguripan kang dhasare saka kasunyatan kang kadadeyan ing masyarakat.

Sastrra minangka kaca pangilon tumrap sakabehe tumindak kang dilakoni dening manungsa (Endraswara, 2008:179). Semono uga ngenani gegambaran tumindake manungsa nalika sesambungan karo pawongan liya. Pancen manungsa wis tinakdir minangka makhluk sosial kang tansah cecaketan karo pawongan liyane. Sakabehe tumindak kang dilakoni dening manungsa siji lan liyane mesti nuwuhake maneka kadadeyan. Kadhang kala bab kuwi mujudake kadadeyan kang nyenengake nanging ora sethithik uga ndadekake kadadeyan kang ora nyenengake malah bisa uga nuwuhake problem kajiwane.

Problem kajiwane utawa problem batin sing dialami dening paraga sajrone karya sastra bisa dianalisis migunakake psikologi sastra. Problem kajiwane utawa problem batin mujudake problem kang dumadi sajroning ati, jiwane paraga (Nurgiyantoro, 2007:124). Karya sastra kang nuwuhake gegambaran panguripane manungsa mliline gegambaran kajiwane lan pangrembakane kajiwane saka paraga-paragane diarani sastra psikologis (Kuntowijoyo, 1987:137).

Sastrra lan psikologi padha-padha ngrengbug ngenani manungsa (Endraswara, 2008:97). Psikologi umume ngrengbug kahanan jiwane manungsa sajrone masalah kang nyata. Psikologi sastra ngrengbug kahanan jiwane manungsa kang asipat imajinatif. Nalika pengarang ngripta crita lan para paragane, mesti ora bisa uwal saka kahanan psikologise paraga kasebut. Saka bab kasebut, mula tuwu disiplin ilmu psikologi sastra, kang bakale nliti ngenani paraga lan wewatakane minangka salah sawijining unsur pamangune karya sastra. Psikologi sastra mujudake sawijine disiplin ilmu kang nyinaoni babagan mental/kajiwane, kang ana gayutane karo wewatakane manungsa. Psikologi ora nyinaoni babagan kajiwane utawa mentale manungsa kanthi cara langsung, nanging menehi wewatesan ing babagan ekspresi saka kajiwane utawa mentale manungsa (Endraswara, 2003:98).

Novel *Purnama Kingkin*, novel kang mujudake problem kajiwane sajrone paraga utama. Problem kajiwane sajrone novel kasebut yaiku *kingkin* utawa sedhilih kang dilakoni paraga utama wanita aran Asih. *Purnama Kingkin* minangka pralambang katresnane paraga utama wanita sing digambarake minangka sorote rembulan purnama nembus lewat cendhela kaya-kaya melu sedhilih nyekseni katresnan sing biyen nate tuwu subur, saiki kapeksa ora bisa manunggal. Adhedhasar onjone bab kajiwane paraga utama wanita saka novel kasebut, mula panliten iki bakal dioncekke nggunakake

kajian psikologi sastra mliline nggunakake teori psikoanalisis Sigmund Freud.

Psikoanalisis minangka perangan saka tintingan psikologi sastra (Endraswara, 2003:101). Psikoanalisis yaiku sawijining teori psikologi kang diandharake dening Sigmud Freud. Miturut Sigmund Freud, struktur kapribadene manungsa diperang dadi telu yaiku *id*, *ego* lan *superego* (Minderop, 2013:20-22). Telung unsur kapribaden kasebut kudu lumaku kanthi selaras sajrone jiwane manungsa. Yen unsur kasebut ora bisa lumaku kanthi selaras mula bakal nuwuhake problem kajiwane. Adhedhasar andharan ing ndhuwur, panliten iki bakal ngeonceki novel *Purnama Kingkin* kanthi luwih njlimet ngenani struktur kapribaden, problem kajiwane, lan *mekanisme pertahanan ego* sajrone paraga utama wanita.

Underane Panliten

Adhedhasar landhesaning panliten ing ndhuwur, mula kang dadi punjering panliten yaiku:

- 1) Kepriye struktur kapribadene paraga utama wanita sajrone novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Soemardjo?
- 2) Kepriye problem kajiwane paraga utama wanita sajrone novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Soemardjo?
- 3) Kepriye *mekanisme pertahanan ego* paraga utama wanita sajrone novel *Purnama Kingkinanggitane Sunaryata Soemardjo*?

AncasingPanliten

Ancas utamane saka panliten iki yaiku:

- 1) Ngandharake struktur kapribadene paraga utama wanita sajrone novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Soemardjo?
- 2) Ngandharake problem kajiwane paraga utama wanita sajrone novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Soemardjo?
- 3) Ngandharake *mekanisme pertahanan ego* paraga utama wanita sajrone novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Soemardjo?

Paedahe Panliten

- 1) Kanggo studi sastra, panliten iki dikarepake bisa menehi sumbang sih kanggo ngrembakake pengetahuan bab telaah sastra mliline ngenani psikologi sastra
- 2) Kanggo pamaos, panliten iki bisa menehi greget kanggo nglestarekake sastra mliline sastra Jawa kang saya suwe saya ilang utawa bisa nambahi referensi tumrap sapa wae kang maca.

- 3) Kanggo piwulangan sastra, panliten iki muga-muga bisa didadekake sumber informasi kritik sastra ing sajroning pengajaran sastra ing donyane pawiyatan.
- 4) Kanggo panliten sabanjure, bias kanggo *refrensi* tumrap panlitene.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Sastra lan Psikologi

Sastra sawijine gambaran saka panguripan manungsa kanthi wujud pengalaman lan pangertene pangripta, lan sabanjure diwujudake sajrone karya-karya sastra kanthi migunakake basa minangka pirantine. Endraswara (2003:97) nduweni pamawas yen karya sastra ora bisa oval saka panguripan kang nggunakake maneka warna reroncen kapribadene manungsa. Sastra nduweni gegayutan karo kapribaden. Kapribaden kasebut ora mung kapribaden paraga paragane, nanging kapribadene pamaos, utawa pangripta nalika ngripta karyane uga bisa didadekake panliten.

Karya sastra nyritakake kang ana gayutane karo manungsa lan kamanungsan. Endraswara (2003:96) ngandharake menawa karya sastra mujudake asile sawijine kajiwane lan pamikire pangripta kang ana ing kahanam setengah sadhar (subcosinus). Nalika ana ing alam pikir setengah sadhar banjur diwujudake ing kahanan sadhar, lan karya sastra ora bisa owah saka psikologi.

Sastra lan psikologi padha-padha ngrembug ngenani manungsa (Endraswara, 2008:97). Psikologi umume ngrembug kahanan jiwane manungsa sajrone masalah kang nyata. Psikologi sastra ngrembug kahanan jiwane manungsa kang asipat imajinatif. Nalika pengarang ngripta crita lan para paragane, mesti ora bisa uwal saka kahanan psikologise paraga kasebut. Saka bab kasebut, mula tuwuhan disiplin ilmu psikologi sastra, kang bakale nliti ngenani paraga lan wewatakane minangka salah sawijining unsur pamangune karya sastra.

Miturut Wellek lan Werren (1990:90) tetembungan psikologi sastra nduweni patang pangerten. Kang kapisan yaiku studi psikologi, pangripta minangka tipe utawa pribadhi. Kaping pindho yaiku studi proses kreatif. Kaping telu studi tipe lan hukum-hukum psikologi kang dicakake menyang karya sastra. Lan kang pungkasan yaiku nyinaoni dhampak/daya pangribawa tumrap para pamaos (psikologi pamaos).

Tujuwan psikologi sastra miturut Minderop (2010:54) yaiku mahami aspek-aspek kajiwane kang kinandhut sajrone karya sastra. Sajrone karya sastra mesthi ana perangan nalika paragane ngalami gonjang-ganjang. Iki sing bisa ndadekake karya sastra narik kawigaten, amarga yen sajroning karya sastra ora ana konflik kang dumadi mesthi critane mung rata-rata wae utawa biyasa.

Psikologi sastra yaiku tintingan karya sastra kang dipercaya nggamarake proses lan aktivitas kajiwane (Minderop, 2013:54). Sajrone nintingi sawijine karya psikologi, bab kang wigati kang perlu dimangertenai yaiku kepriye campur tangane psikologi pangripta lan kaprigelane pangripta ngandharake para paraga rekaan karo sawernane prekara kajiwane. Ditambahake dening Ratna (2014:343) psikologi sastra luwih nengenake ngenani unsur-unsur kajiwane paraga-paraga fiksional kang kinandhut sajrone karya sastra.

Gegayutan antarane karya sastra lan psikologi uga diandharake dening Suryabrata (2004:96) kang ngandharake yen karya sastra dideleng minangka gejala psikologis, bakal ngandharake aspek-aspek kajiwane lumantar paraga-paraga. Sastra apa dene psikologi padha-padha nyinaoni babagan uriping manungsa. Bedane, sastra nyinaoni manungsa minangka daya imajinasine pangripta, dene psikologi nyinaoni manungsa asil saka ciptane Gusti kang kasat mata (Endraswara, 2008:99). Sanadyan karya sastra asipat kreatif lan khayal, pangripta tetep asring nggunakake ancangan psikologi kanggo nguripake karakter tumrap paragane.

Andharan ing ndhuwur nyethakake yen tintingan psikologi sastra iku nliti ngenani objek sastra digayutake karo aspek psikologi. Aspek psikologis ing panliten iki winates ing paraga wanita wae, ora nganti pengarange kaya kango diandharake.

Teori Psikoanalisis Sigmund Freud

Antarane teori psikologi lan teori psikoanalisis Sigmund Freud nduweni pambda yaiku yen teori psikologi iku teori kanggo ngertenai kajiwane manungsa utawa paraga sajrone crita. Yen teori psikoanalisis Sigmund Freud iku teori kanggo ngertenai jiwane manungsa utawa paraga sajrone crita kanthi cara nganalisis telung sistem kang diduweni, dene Sigmund Freud iku pawongan kang nemokake teori psikoanalisis iku mau.

Psikoanalisis minangka salah sawijining perangan saka ilmu psikologi kang ditemokake dening Sigmund Freud yaiku dokter mudha ing Wina. Freud mangun sawijining pamawas ngenani teori psikologi adhedhasar pengalamane ngadhepi pasien kang nyandhang perkara mental (Eagleton sajrone Minderop, 2013:10). Freud sasuwene gesang ngayahi pakaryan minangka dokter. Ing praktike minangka dokter, Freud banjur nemuake teori psikoanalisis asil saka cecaturan saka pasien.

Psikoanalisis minangka sawijining ilmu kang nduweni sesambungan karo fungsi lan pangrembakane mentale manungsa. Sajrone psikoanalisis, Freud nduweni pamawas yen panguripan jiwane manungsa diperang dadi

telung struktur kapribaden yaiku *id*, *ego* lan *superego*. Saliyane ngandhareke ngenani struktur kapribaden, Freud uga nuduhake anane daya pangribawane saka telung struktur kapribaden kasebut tumrap lingkungan lumantar dinamika kapribaden lan mekanisme pertahanan konflik.

Struktur Kapribaden Sigmund Freud

Sajrone teori psikoanalisa antarane bagijyan saka kapribaden nduweni fungsi sipat, komponen, prinsip kerja dinamika lan *mekanisme dhewe-dhewe*. Freud (sajoing Alwisol, 2012:13) nganmdharake yen sistem kapribadene manungsa diperang dadi telu yaiku *id*, *ego* lan *superego*. *Id* lumaku adhedhasar prinsip kasenengan, *ego* kanthi dhasar prinsip realita, lan *superego* getutake prinsip idealistik. Kabeh nduweni gegayutan kang raket antarane siji lan liyane saengga ora bisa dipisah antarane *id*, *ego* lan *superego*.

Id minangka sistem kapribaden sing paling dhasar, sistem sing ngandhut naluri-naluri saka awake dhewe. Saka sisi liyane, *id* yaiku sistem sing tumindak minangka sing nyediakake utawa sing nyalurake energi sing dibutuhake karo sistem-sistem kasebut kanggo operasi utawa kagiyatan-kagiyatan sing dilakoni.

Fungsi *id* kanggo sacepete diupaya nyalurake kumpulan-kumpulan energi utawa ketegangan, kang ditokake sajrone jasad dening rangsangan-rangsangan saka njero utawa njaba. Utawa luwih cethane, fungsi *id* iku supaya entuk kapuasan saengga kita bisa nyebut minangka prinsip kesenangan (Feist, 2010:32).

Alwisol (2012:14-15) ngandharake yen *id* minangka perangan kapribaden kang kerjane adhedhasar prinsip kasenengan. Prinsip kasenengan kasebut awujud usaha kanggo nggayuh rasa seneng. Fungsi *id* yaiku ngupaya kanggo ngurangi utawa ngilangi ketegangan lan mbalekake marang tingkat energi kang normal. *Id* amung bisa mbayangake samubarang tanpa bisa mbedakake antarane khayalan lan kasunyatan. *Id* uga ora bisa mbedakake bener utawa salah lan ora ngerti moral.

Freud nduweni pamawas maneh ngenani *id*. *Id* yaiku sumber primer saka energi rohaniah lan pangonan kanggo ngumpule naluri-naluri (Hall, 1980:34). *Id* ora diperintah dening logika, lan dheweke ora nduweni akhlak. Dheweke amung tumindaka kanggo muasake apa kang dipengeni nalurine, miturut prinsip kesenangan.

Ego minangka sistem kapribaden sing tumindak minangka menehi arahan individu menyang objek saka kasunyatan, lan nindakake fungsine adhedhasar prinsip kasunyatan. Miturut Freud, *ego* mawujud saka struktur kapribaden individu minangka asil kontak karo upaya maremake kabutuhan utawa ngurangi kategangan saka individu iku diarani proses sekunder.

Prinsip kerja *ego* beda karo *id*. *Ego* yaiku sistem kapribaden kang nduweni daya pangribawane manungsa

marang objek saka kasunyatan, lan nglakokake fungsine adhedhasar prinsip kasunyatan (Koeswara 1991:33). *Ego* minangka perangan saka alam sadhar lan ora sadhar. *Ego* ngrembaka saka *id*, cara kerjane *ego* adhedhasar prinsip realita (Alwisol, 2012:15). Dadi *ego* minangka aspek psikologis kapribaden kang tuwuhan saka kabutuhan ing pikiran supaya bisa diwujudake ing kasunyatan.

Ego minangka pimpinan kang utama sajrone kapribaden. Bab kasebut digambarake kaya dene pimpinan ing perusahaan kang wis menehi keputusan tumrap perusahaan (Minderop, 2013:22). Saliyane kuwi *ego* nduweni guna kanggo nglarasake tuntutan saka *id* lan *superego*. Nanging tuntutan saka *id* lan *superego* kasebut uga kudu diselarasake karo ndonya njaba. Kanthi anane tuntutan saka telung perangan kang padha-padha ora bisa ngalah siji lan sijine, *ego* bakal nuwuhake reaksi tartamtu yaiku rasa kuwatir. Mula saka kuwi, *ego* nggunakake *mekanisme pertahanan* kanggo nglawan rasa kuwatire (Muis, 2009:7).

Superego minangka sistem kapribaden sing isine ngenani nilai-nilai lan aturan-aturan sing sipate evaluatif (nyangkut becik ala). Miturut Freud *superego* diwangun lumantar internalisasai nilai-nilai utawa aturan-aturan dening individu saka saperangan figure kang nduweni peran, nduweni pangaribawa saengga individu kasebut minangka wong tuwa utawa guru.

Superego minangka kekuatan moral lan etik saka kapribaden kang cara kerjane adhedhasar prinsip idealistik. Prinsip idealistik minangka kosok balen saka prinsip kasenengan *id* lan prinsip realistik saka *ego* (Alwisol, 2012:16). *Superego* uga minangka sistem kapribaden kang nduweni nilai-nilai lan aturan-aturan kang asipat evaluatif (Koeswara, 1991:34).

Superego kerep nggawe awake dhewe tumindak kanthi cara-cara kang bisa ditrima dening masyarakat. Freud ngibaratke *id* minangka raja, *ego* minangka perdana mentri, lan *superego* minangka pendeta kang paling dhuwur. *Id* tumindak kaya panguwasa absolut, kudu dihormati, sewenang-wenang lan meningake awake dhewe. *Ego* minangka perda mentri kang diibaratke nduweni tugas kudu ngrampungake penggaweyan kang ana gegayutan karo realitas lan tanggap marang pepingine masyarakat. *Superego* diibaratke minangka pendeta kang mesthi nduweni tetimbangan marang nilai-nilai kang becik lan ala kudu ngilingake *id* kang srakah lan nuduhake yen wigatine tumindak arif lan bijak.

Dinamika Kapribaden

Dinamika kapribaden yaiku kapriye cara kerjane katelu sistem kasebut yaiku antarane *id*, *ego* lan *superego* padha-padha mangribawani sarta kapriye pangribawane antarane katelu sistem kasebut karo kahanan sakupenge.

Struktur kapribaden kang diwangun dening Freud nduweni sesambungan kang raket lan padha-padha mangribawani lumantar dinamika kapribaden (Minderop, 2013:23).

Mekanisme Pertahanan Ego

Maneka warna cara sing digunakake manungsa kanggo ngadhepi alangan sing ndadekake anane rasa kuwatir lan bisa ngalangi pangrembakane kapribaden. Cara-cara bisa diarani *pertahanan ego*. Ana saperangan *pertahanan ego* sing bisa ngilangake rasa kangelan yaiku *represi, proyeksi, rasionalisasi*, lan *agresi* (Minderop, 2013:13).

Represi yaiku *mekanisme* sing ditindakake *ego* kanggo ngurangi rasa kuwatir kanthi cara meksa dorongan-dorongan utawa pepinginan sing dadi panyebabe rasa kuwatir kasebut menyang sajrone ora sadhar. Freud ngandharake yen dorongan-dorongan sing sing direpres iku tetep aktif ing jerone alam ora sadhar, lan mbutuhake energi psikis sing gedhe kanggo njaga supaya ora muncul menyang alam sadhar. Ngurangi energi sing dilakoni *mekanisme represi* iku bisa menehi akibat arupa ora efektife *ego* sajrone tumindake individu. Saliyane iku, Freud uga ngandharake yen dorongan-dorongan sing direpres bisa lolos, lan muncul menyang njaba lumantar mimpi utawa salah ngomong.

Proyeksi minangka sawijining tumindak kang ditindakake pawongan kanggo nutupi tumindak salahé kanthi sengaja. Miturut Hilgard (sajrone Minderop, 2013:34) *proyeksi* minangka *mekanisme* kang ora disadharti nanging mesthi ngayomi awake dhewe saka pengakuwan. Sipat kang mligi saka *proyeksi* yaiku subjek-subjek saka rasa pangrasa kasebut dhewe yaiku manungsane dhewe sing diowahi. Dheweke bisa ngowahi subjek dadi objek. Tuladhane kaya “aku mangkel karo kowe” diowahi dadi “kowe mangkel karo aku”.

Rasionalisasi minangka wujud *mekanisme pertahanan* kang digunakake dening pawongan kanggo mbenerake tumindake marang awake dhewe lan wong liya. *Rasionalisasi* nduweni rong tujuwan yaiku kanggo ngurangi rasa gelane nalika ora bisa oleh apa kang dipengin. Sing kaloro yaiku menehi sawijining motif kang bisa ditampa saka tumindake kasebut (Hilgard sajrone Minderop, 2013:35)

Sublimasi nalika tindakan-tindakan kang miguna tumrap sosial, bisa ngganteni rasa ora kepenak. Sejatiné *sublimasi* mujudake bentuk pengalihan. Upamane, sawijine pawongan nduweni nepsu seks sing dhuwur, banjur dheweke ngalihake rasa ora kepenak kuwi menyang tumindak-tumindak kang bisa ditampa tumrap sosial kanthi dadi pelukius awake modhel tanpa busana (Minderop, 2013:33).

Lelandhesan Teori

Panliten iki nggunakake tintingan psikologi sastra kang nengenake marang teks karya sastra. Teori psikologi sing digunakake yaiku teori psikoanalisis Sigmund Freud. Teori psikoanalisis Sigmund Freud kasebut sesambungan karo struktur kapribaden paraga utama wanita, problem kajiwane paraga utama wanita lan *mekanisme pertahanan ego*. Struktur kapribaden digunakake kanggo ngandharake problem kajiwane paraga utama wanita. *Mekanisme pertahanan ego* digunakake kanggo njlentrehake pertahanan dhiri paraga utama wanita. Sawise mangertení problem kajiwane paraga utama wanita banjur ngoceki kanthi nggunakake teori psikoanalisis Sigmund Freud ing sajrone novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Soemardjo.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Sadurunge nganalisis dhata utawa nindakake panliten, panliti perlu ngerancang apa kang arep ditliti lan ngrancang kanggo nganalisis dhata supaya panliten kang ditindakake bisa kanthi apik. Rancangan kang dipilih kudu selaras klawan variabel panliten. Sajrone panliten iki nggunakake panliten dheskriptif kualitatif. Bogdan lan Taylor (sajrone Moleong, 2006:4) ngandharake yen metodhe dheskriptif mujudake prosedur panliten kang ngasilake dhata kualitatif arupa tembung-tembung kang katulis utawa kanthi lisan saka pawongan-pawongan utawa tumindake kang gampang ditliti. Ratna (2010:47) ngandharake yen sajrone ilmu sastra, sumber dhatane awujud reriptan sastra lan naskah. Dene dhata panliten, minangka dhata formal awujud tetembungan, ukara, lan wacana.

Panliten kualitatif nduweni tujuwan mujudake sawijine dheskripsi, gambaran kanthi sistematis, nyata lan akurat ngenani fakta-fakta, sipat sarta gegayutan karo pengarang kang ditintingi (Nasir, 1988:63). Ing panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif amerga panliten ora nggunakake etung-etungan angka lan asile panliten awujud dheskriptif basa kang wujude tembung lan ukara.

Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata lan dhata minangka perangan kang wigati sajrone panliten. Tanpa anane sumber dhata lan dhata mula panliten ora bisa ditindakake. Sumber dhata ing sajrone panliten yaiku subjek asale dhata. Sumber dhata kaperang dadi loro, yaiku sumber primer lan sumber skunder. Sumber primer yaiku sumber dhata kang langsung menehi dhata tumrap panliti, sumber skunder yaiku sumber kang kanthi ora langsung menehi dhata marang panliten iki, tuladhane yaiku kanthi wong liya utawa dokumentasi (Arikunto, 2010:128).

Panliten iki nggunakake sumber dhata primer yaiku arupa dokumentasi novel, kanthi irah-irahan *Purnama Kingkin* anggitane Sunarya Soemardja kang diterbitake dening Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro taun 2014. Dene dhata sekunder awujud buku literatur ngenani psikologi sastra mligine psikoanalisis Sigmund Freud.

Dhata ing panliten iki arupa frase, tetembungan, lan ukara kang nuduhake sakabehe bab kang ana sesambungan karo panliten ngenani problem kajiwane paraga utama wanita sajrone Novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Soemardjo kanthi nggunakake tori psikoanalisis Sigmund Freud. Ratna (2004:47) ngandharake sajrone panliten sastra dhata formale awujud tembung, ukara, uga wacanan. Dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku tetembungan lan ukara kang ana gegayutan karo unsur struktur sajrone novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunarya Soemardja.

Teknik Ngumpulake Dhata

Tata cara ngumpulake dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku kanthi teknik pustaka. Teknik pustaka minangka teknik ngumpulake dhata kanthi nggunakake sumber dhata kang katulis (kapustakan). Anggone nggunakake teknik pustaka kanthi tujuwan kanggo ngumpulake dhata lan nggoleki dhata sajrone novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Sumardjo lan buku-buku sumber kang nduweni sesambungan karo teori psikoanalisis kang diandharake dening teori Sigmund Freud mligine ngenani struktur kapribadhen, problem kajiwane paraga, lan *mekanisme pertahanan ego*.

Anggone nglumpukake dhata ora sembarang, nanging manut tata cara tartamtu. Tata cara sing digunakake kanggo nglumpukake dhata dening Endraswara (2003:162-163) diperang dadi 3, yaiku nemtokake unit analisis, nemtokake dhata lan nyathet dhata. Tata cara teknik pustaka kang ditindakake ing panliten iki yaiku 1) maca lan mangertenin isi novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Soemardjo, 2) nemtokake perkara-perkara kang bakal ditliti kang selaras karo isine novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Soemardjo, 3) ngumpulake dhata kang sesambungan karo objek lan perkara-perkara kang ditliti banjur dianalisis.

Teknik Ngolah Dhata

Metodhe analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe deskriptif. Metodhe dheskriptif yaiku ndheskripsiake kanthi objektif ngenani psikologi yaiku problem kajiwane paraga utama wanita. Metodhe kasebut digunakake saka dhata kang wis dikumpulake sadurunge. Dhata-dhata kasebut banjur

diolah kanthi tintingan psikoanalisis Sigmund Freud kang kaya ing ngisor iki:

1) Analisis dhata

Ing perangan iki analisis dhata kang dikarepake yaiku nganalisis dhata pokok arupa novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Soemardjo selaras karo underan panliten yaiku struktur kapribadhen paraga utama wanita, problem kajiwane paraga utama wanita, lan *mekanisme pertahanan ego* paraga utama wanita kanthi disengkuyung karo teori psikoanalisis Sigmund Freud.

2) Deskripsi asil analisis

Asil saka analisis kasebut sabanjure diandharake kanthi luwih njelimet lan uga runtut adhedhasar underan panliten lan ancasing panliten kang wis ditemtokake.

3) Dudutan asil panliten

Dudutan asil analisis minangka asil kang pungkasan saka proses panliten yaiku mangertenin problem kajiwane paraga utama wanita. Ing perangan dudutan iki minangka asil akhir saka sakabehe proses panliten.

Cara Panulisane Asile Panliten

Tata cara nulis asile panliten nuduhake upaya panulis kanggo nyuguhake asile analisis dhata. Asil analisis dhata disuguhake kanthi sistematika panulisan skripsi yaiku:

BAB I: Ngandharake purwaka kang isine yaiku bab lelandhesane panliten, underane panliten, ancasing panliten, paedahe panliten lan wewatesan tembung.

BAB II: Ngandharake tintingan kapustakan yaiku bab panliten sadurunge kang saemper, psikologi sastra, teori psikoanalisis Sigmund Freud, struktur kapribadhen Sigmund Freud, dinamika kapribadhen Sigmund Freud, *mekanisme pertahanan ego* lan lelandhesan teori.

BAB III: Ngandharake metode panliten yaiku bab ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrumen panliten, teknik pengumpulan dhata, teknik analisis dhata lan cara panulisane asile panliten

BAB IV: Ngandharake yaiku bab andharan kang isine analisis saka asiling panliten

BAB V: Ngandharake yaiku bab panutup kang isisne dudutan lan pitedah

KAPUSTAKAN: Nuduhake buku-buku sumber utawa buku refrensi kang nunjang proses psikologi sastra.

LAMPIRAN: Kang isine sinopsi crita novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Soemardjo

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Ing sajrone bab iki bakal diandharake asile panliten. Bab iki mujudake sawijining wangsulan saka sakabehing prekara kang wis disebutake ing underane panliten. Ing bab papat iki bakal diperang dadi telung sub bab sesambungan karo underane panliten yaiku struktur kapribaden paraga utama wanita, problem kajiwane paraga utama wanita, lan *mekanisme pertahanan ego* dening paraga Asih minangka paraga utama wanita saka novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Soemardjo. Telung sub bab kasebut bakal ditintingi saka kajian psikologi sastra mligine kanthi nggunakake tintingan psikoanalisis Sigmund Freud.

Struktur Kapribaden Paraga Utama Wanita

Struktur kapribaden paraga utama wanita ing novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Soemardjo bakal kaperang dadi telung struktur yaiku *id*, *ego*, lan *superego*. Struktur kapribaden bakal kajupuk saka pethikan-pethikan novel saka paraga Asih minangka paraga utama wanita. Perangan kang akeh dipangribawani yaiku struktur kapribadene Asih. Dene struktur kapribaden kang nduweni telung perangan yaiku *id*, *ego*, lan *superego* kang bakal diandharake.

Id

Id minangka sistem kapribaden sing paling dhasar, sistem sing ngandhut naluri-naluri saka awake dhewe. *Id* minangka perangan kapribaden kang kerjane adhedhasar prinsip kasenengan. Prinsip kasenengan kasebut awujud usaha kanggo nggayuh rasa seneng. Fungsi *id* yaiku ngupaya kanggo ngurangi utawa ngilangi ketegangan lan mbalekake marang tingkat energi kang normal. *Id* amung bisa mbayangake samubarang tanpa bisa mbedakake antarane khayalan lan kasunyatan. *Id* uga ora bisa mbedakake bener utawa salah. *Id* ora nduwe gegayutan karo donya njaba nanging *id* pengin menehi pamarem saka pepinginan kang paling dhasar tumrap manungsa. Asil saka andharan kasebut, *Id* sajrone paraga Asih bisa diperang dadi loro, yaiku kapisan cara kerjane pengin menehi pamarem saka pepinginan kanggo ngurangi utawa ngilangi ketegangan, lan kapindho adhedhasar prinsip kesenangan yaiku usaha kanggo nggayuh rasa seneng

Cara Kerja *Id* Adhedhasar Pingin Menehi Pamarem saka Pepinginane

Id sajrone paraga Asih kang cara kerjane pengin menehi pamarem saka pepinginan kanggo ngurangi utawa ngilangi ketegangan. *Id* sajrone paraga Asih bisa diperang adhedhasar pepinginan-pepinginane kaya kang bakal diandharake iki:

- (1) Asih kepingin nggoleki Bapake
- (2) Asih kepingin ketemu sedulur kembare
- (3) Asih kepingin sinau urip mandhiri
- (4) Asih kepingin nglalekake Prono
- (5) Asih kepingin tansah cedhak karo Andik
- (6) Asih kepingin sowan ibune
- (7) Asih kepingin lunga sing adoh ninggalake papan penggaweyane

Cara Kerja *Id* Adhedhasar Prinsip Kesenengan

Id sajrone paraga Asih kang cara kerjane adhedhasar prinsip kesenangan yaiku usaha kanggo nggayuh rasa seneng. *Id* sajrone paraga Asih bisa diperang adhedhasar prinsip kesenangan kaya kang bakal diandharake iki:

- (1) Seneng marang Prono
- (2) Seneng ngerti alamat sedulur kembare
- (3) Seneng marang Andik

Ego

Ego minangka sistem kapribaden sing tumindak menehi arahan individu menyang prinsip kasunyatan. *Ego* awujud tumindak kang ngrembaka saka *id*. *Ego* bisa diarani *id* kang coba diwujudake kanthi wujud tumindak. *Ego* yaiku sistem kapribaden kang nduweni daya pangribawa manungsa marang objek saka kasunyata, lan nglakokake fungsine adhedhasar prinsip kasunyatan. *Ego* minangka perangan saka alam sadhar lan ora sadhar. *Ego* ngrembaka saka *id*, cara kerjane *ego* adhedhasar prinsip realita. Dadi *ego* minangka aspek psikologis kapribaden kang tuwuhan saka kabutuhan ing pikiran supaya bisa diwujudake ing kasunyatan. *Ego* kang ana ing kapribadene Asih bisa dideleng ing pethikan iki:

Kena apa kok ora biyen-biyen nalika isih kumpul karo ibyne kae. Mbokmwnawa wae rasa sepi iku tuwuhan nalika dhong kijenan kaya sakiki. Tekde mung kari nunggu wektu sing longgar wae. Karo maneh wis rada suwe dheweke ora bali tilik ibu maneyang Gondhang. Minggu isuk bubar

shubuhan, Asih wis tata arep tilik ibune sing daleme ana Gondhang. Gawan sawetara diwadhai tas cilik kanggo oleh-oleh ibune. Sawetara srengenge rada padhang sepedhah motor dipanasi. Jaket lan helm dianggo banjur alon-alon spedhahe motor ninggalake palataran Polindes. (Soemardjo, 2014:88)

Pethikan kasebut menehi nuduhake yen Asih lagi bisa nyembadani *ego-ne*. Sajrone *id-e* Asih nduweni pepenginan nggoleki ana ngendi papan dununge bapake. Niyat kasebut tuwuhan saka alam bawah sadhare, nalika kumpul-kumpul utawa lagi rapat bebarengan karo bidan liyane sing padha crita bibar sowan bapak ibune. Kahanan sing lakoni kanca-kancane iku nambahi panelangsane Asih saengga tuwuhan pepenginane, diwujudake kanthi cara lakune *ego* awujud tumindak. Tumindake yaiku kanthi cara lunga menyang omeh ibune saperlu njaluk katrangan ngenani bapake. Paling ora ibune menehi katrangan ngenani kapan pungkasan bapake lunga lan ana ngendi panggone.

Superego

Superego minangka sistem kapribaden sing isine ngenani nilai-nilai lan aturan-aturan sing sipate evaluatif (nyangkut becik ala). *Superego* minangka kekuwatan moral lan etik saka kapribaden kang cara kerjane adhedhasar prinsip idealistik. Prinsip idealistik minangka kosok balen saka prinsip kasenengan *id* lan prinsip riel saka *ego*. *Superego* kang ana sajrone Asih nalika dheweke ngabdi ing masyarakat, dheweke luwi nengenake masyarakat umum tinimbang awake. Kaya rerangkening pethikan ing ngisor iki:

Dheweke kudu nengenake kepentingan kesehatan ibu-ibu lan anak ana desane. Senajanta paribasane kenangan iku mujudake perangan saka lembuting jiwa lan pangrasane. (Soemardjo, 2014:30)

Pethikan kasebut nuduhake yen Asih luwih nengenake kepentingan umum tinimbang kepentingan pribadhine. Nalika dheweke dadi bidhan kudu luwih ngopeni lan ningkatake pelayanan masyarakat. Sikepe

Asih iku kalebu nilai-nilai kang becik kang ana ing masyarakat.

Asih nalika dipindhah ana Polindes dadi urip ijenan karepe Asih butuh golek kanca kanggo ngrewangi yen bengi. Dheweke kepingin ngajak Sutini bocah lagi lulus SMP tangga desane. Mengkono karepe Asih Sutini arep dibandhani sekolah nganti tekan SMA sing mlebu sore. Dadi yen Asih lagi repot wanci esuk dhines ana Polindes, Sutini bisa ngrewangi reresik omah, masak, umbah-umbah lan setrika. Asih dolan ing omahe Sutini saperlu ngomong ibune, Asih kaget setengah mati nalika wong tuwane ngomong yen Sutini wis digawa menyang omahe calon bojone. Kaya rerangkening kedadeyan ing ngisor iki:

Wong-wong desa sing lugu?
Apa ya sing mengkono iku
sing diarani lugu sarwa
gampangan, sarwa prasaja
anggone tumindak apa
anane, tanpa mikir sangga
rugine lan martabat sarta
ngugemi wewalering agama.
(Soemardjo, 2014:18)

Rerangkening kedadeyan kasebut weneh katrangan pangangen-angene Asih nalika dadi bidhan anyar ana desa kono. Dheweke kaget bareng ngerti yen pakulinane wong desa kaya-kaya ngluwih wong kutha. Bareng ngerti wong wadon sing durung resmi utawa durung dilamar, banjur wis gelem turu ana omahe calone. Kaya ora ana sanganan apa-apa, pasrawungan peseduluran sing wiwitane ana pikirane Asih kalebu sakral padha sarwa njaga lan ngurmati. Nanging bareng ngerti bab sesambungane antarane priya lan wanita lha kok dianggep gampang. *Superego-ne* Asih tumindak adhedhasar prinsip idealistik ngenani aturan-aturan sing sifate idealistik (nyangkut becik utawa ala). *Superego* sajrone paraga Asih tumindak nalika ngerti kahanane wong desa nalika durung dadi bojone sing resmi, nanging wis gelem turu bareng karo calon bojone. *Superegone* Asih tumindak ngugemi wewalering agama, kang tansah sarwa prasaja kang nduweni utawa ngandhut nilai-nilai kang becik.

Problem Kajiwane Paraga Utama Wanita

Problem kajiwane utawa problem batin mujudake problem kang dumadi sajroning ati lan jiwane paraga. Problem kajiwane kang dialami dening Asih minangka paraga utama wanita sajroning novel *Purnama Kingkin anggitane Sunaryata Soemardjo* yaiku bingung, sedhilih, kuwatir, keduwung, lan luput.

Bingung

Bingung kang dialami dening Asih nalika priya sing ditresnani kandha yen seneng dheweke. Bingung kang ndadekake rasa sajrone dhiri manungsa sing antarane pepinginan karo pamikir ora padha kang ndadekake pepinginan karo pamikire ora nyawiji. Batine Asih sok-sok uga ngersula kena apa dheweke ora gelem blaka karo pangrasane dhewe, yen biyen dheweke nulak katresnane Andik mbok menawa isih ana sing diarep-arep yaiku Prono. bareng saiki Prono wis nikah karo Arini, mokal yen Asih isih nerusake pangrasane banjur apa maneh sing diarep-arep. Kena apa kok dheweke ora enggal nampa Andik bocah ngantheng, pinter, sregep lan tanggep sakabehe. Banjur Asih njaluk panemu kanca rakete sing uga bidhan ana Puskesmas. Kaya pethikan ing ngisor iki:

Aku uga ngerti, Win,
dheweke pancep priya sing
becik
Lha banjur karepmu terus
kepriye?
Ya, iku, Win, aku bingung.
Ing atiku ya wis tuwu rasa
seneng, nanging embuh kena
apa lambeku kok tansah
nulak tresnane. (Soemardjo,
2014:134)

Pethikan kasebut nuduhake nalika Asih njaluk panemu kanca kenthele yaiku sing jenenge Win. Asih cerita nang kancane apa sing dirasakake bingung sajrone atine. Bareng padha rembugan kancane banjur weneh panemu yen sejatine Andik iku pawongan sing apik. Satemene akeh kanca-kanca sing seneng yen Asih gegandhengan karo Andik. Wong-wong padha mbijji Andik luwih apik tinimbang Prono jalaran nalika KKN biyen wong-wong padha ngerti sifate. Kancane padha sarujuk , nanging Asih sangsaya bingung nyawijikake antarane pangrasa karo pamikir. Kahan rasa bingung sing dialami sajrone atine Asih tuwu amerga ora padha antarane ati lan pikiran. Sajrone atine sejatine dheweke seneng nanging pamikire tansah nulak. Antarane ati karo pangucap tansah sulaya, sing bener sing endi dheweke bingung ora ngerti, pangrasane apa pangucape. Satemene dheweke uga rumangsa kangen marang Andik nanging dheweke ora kepingin yen kangene iku mau mung sarana kanggo mlayukake atine sing suwung jalaran ditinggal Prono.

Sedih

Asih nalika mulih rapat dheweke pingin mampir tuku bakso, pranyata atine kelingan karo Prono sing tansah dikangeni. Bareng mlebu milih panggonan, Asih

diceluk pawongan bareng diplengaki ndelalah Prono. Dheweke ketemu karo Prono wong sing diangen-angen wiwit mau. Ora bisa diselaki yen sejatine Asih seneng banget nalika ketemu karo Prono ing pangon bakso. Sekala atine dadi angluh bareng ngerti Prono karo Arini. Kaya kedadeyan ing ngisor iki:

Ora ngira babarpisan menawa
karo mbak Arini. Nanging
saumpama dheweke mau
ngerti ana mobile mbak Arini
ana parkiran, dheweke ora
bakal mlebu. Sakala atine
dadi anguh. Mas Prono
sasuwene iki tansah
dikangeni, pranyata wis
 gegandhengan karo mbak
Arini. Asih sedhiih. Menyang
ngendi dheweke kudu
mbuwang rasa tresnane.
(Soemardjo, 2014:60)

Pethikan kasebut nuduhake panelangsane atine Asih nalika ngerti priya sing ditresnani mangan bareng ono warung bakso karo Arini. Rikala dheweke mampir ing warung bakso ana sing ngundang jenenge, Asih kaget bareng sing ngundang yaiku Prono, priya sing ngebaki pikirané kang tansah diangen-angen. Asih pancep seneng nalika Prono nyeluk jenenge, nanging rasa senenge dumadakan langsung angluh ngerti yen Prono mara karo Arini. Pranyata priya sing dikangeni wis nggandheng wong liya, rikala semana Asih langsung sedih.

Keduwung

Keduwung kang dirasakake Asih nalika nyesel marang tumindake dhewe sing dilakoni. Keduwung kang dirasakake Asih nalika dheweke nresnani Prono. Sakwise pindhah saka Polindes dheweke dadi urip ijen, nalika lungguh nang ngarep omah dheweke krungu ana mobil mlebu plataran Polindes, Asih sing krungu swarane mobil banjur enggal mlaku menyang ngarep. Bareng weruh tamune Prono karo Arini dheweke enggal-enggal menyang pelataran nyedhaki tamune banjur nyalami. Asih padha jagongan omong-omongan bab ibune Prono yaiku wong sing ngopeni dheweke sadurunge pindhah kerja. Nalika padha jagongan ngglenik banjur Arini mbukak tas ngetokake undangane nikahan karo Prono. Bareng wis diwenehake Asih, Prono karo Arini njaluk mampir. Asih ngeterake tekan palataran Polindes, kaya rerangkene kedadeyan ing ngisor iki:

Asih nguntabake tekan
lawang palataran Polindes
nganti mobil sing ditumpaki
Prono lan Arini amblas

mengetan, ilang menggok dalam gedhe. Asih bali mlebu omah kanthi ati semplah. Awake dibrukake ana kursi tengah ngarep tivi. Pengangene temlawung, dhadhane krasa ana sing nyumpel. Tanpa dirasa eluhe kembeng-kembeng njur nelesi pipine. Asih satemene *wids* ngrumangsani yen sengara bisa gegandhengan karo Prono. Nanging sing digetuni kena apa dheweke nresnani Prono. tresna temenan sing tansah disimpen ana atine nganti seprene. (Soemardjo, 2014:111)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake rasa getun kang dirasakake Asih nalika nresnani Prono. Dheweke getun nganti sakiki isih nyimpen katresnan kanggo Prono bareng ngerti Prono karo Arini *sida nikah*. Pangangene temlawung, dhadhane krasa ana sing nyumpel kebak rasa getun. Banjur dheweke mung bisa nangis bareng kelingan priya sing ditresnani sesandhingan karo kenya liya. Keduwung kang dirasakake Asih nganti sakiki katrem jroning iketan pangrasa sing tansah ora ngepenaki. Eluhe dleweran nelesi saka pojok mripate.

Kuwatir

Sawijining kahanan kang ndadekake tuwuhe rasa ora jenjem lumrahe diarani kuwatir. Miturut Hall (1980:83) kuwatir yaiku sawijining rasa kang ora nyenengake, kang tuwuhamarga anane ketegangan-ketegangan sajrone awak. Rasa kuwatir kang dialami paraga Asih nalika dheweke ngerti nalika Arini dolan ing omahe Prono. Asih sing tresna marang Prono atine ora jenjem ndelok kenya liya awor karo priya sing ditresnani. Kaya rerocening kedadeyan sing bakal kapethik ing ngisor iki:

Nalika Arini teka dolan mrono, jroning atine ana rasa kuwatir senajan lagi tepung sepisan. Yen ndeleng sikepe mas Prono, kaya-kaya seneng marang Arini. Pancene dolan mrono lagi sepisan, nanging yen ndeleng kumrakete kaya ngono kae, mesthine olehe pacaran ya

wis suwe. Mbokmenawa nalika isih padha-padha kuliyah mbiyen. Apa maneh yen ndeleng penganggone, dheweke iku kabeh barang branded sing regane larang. (Soemardjo, 2014:12)

Reroncening kedadeyan ing ndhuwur nuduhake kuwatir kang dirasakake Asih nalika Arini kanca kuliyahe Prono ndhisik dolan ing omahe. Tuwu rasa kang ora jenjem sajrone atine Asih, amarga yen dideleng saka sikepe Prono kaya-kaya seneng marang Arini. Jenenge ati wadon ngerti yen priya sing ditresnani awor karo kenya liya banjur tuwu rasa kuwatir ing njero atine. Asih tresna marang Prono jalaran sasuwune srawung limang taunan saka pakulinan sabendinane. Pikirane Asih ngira yen Prono karo Arini wis pacaran nalika isih kuliyahe ndhisik. Mangkono pamikire Asih nalika nyawang wong loro wis padha raket. Atine asih tansaya ora jenjem bareng ngerti dandanane Arini uga sandhangan sing digawe jelas regane larang. Asih kuwatir yen Prono bakal kepencut ndeleng pacakane Arini.

Luput

Rumangsa luput kang dirasakake ing kajiwane sawijining pawongan bisa tuwu lan dumadi mesti ana jalarane. Semana uga rumangsa luput sing dirasakake Asih tuwu ngrungkepi atine, jalaran ngerti yen Arini karo Prono sida pegatan. Dheweke rumangsa luput sing njalari gonjang-ganinge balewisma sajrone bebrayan. Senajan Asih ora luput nanging kabeh padha nyalahke Asih, mligine kulawargane Prono. Dhasar atine Prono dhewe isih miyar-miyur senajan wis mbangun balewisma karo Arini, nganti kedadeyan Prono meneng-meneng nemoni Asih neng Polindes. Nalika lungguh jejer padha omong-omongan, ndilalah Arini lan ibune Prono sing teka. Kedadeyan sing ndadekake gonjang-ganjing balewismane Prono yaiku mangertenan yen Prono lungguh jejer karo Asih ing ruang tamu iku. Arini ndakwa yen katresnane Prono wis ora bisa dipisahake saka katresnane Asih. Arini banjur njaluk pegat lan Asih ngrumangsani luput meruhi kedadeyan kaya mangkono. Minangka gegambaran ngenani rasa luput, bisa dideleng pethikan ing ngisor iki:

Kabar pisahane Prono karo Arini tansaya gawe sedhihe Asih. Dheweke tansaya rumangsa luput . rumangsa dadi sebab kedadeyan iku. Saupama wektu semana

dheweke bisa ngampah pangrasane, ora nganti kedadeyan nangis ana sangarepe Prono lan Arini nalika resepsi nkahan kae, mbokmenawa ora nganti kedadeyan sing nyedhihake kaya sakiki-iki. Dheweke rumangsa bodho banget ora bisa njaga emosi batine. Nyatane dheweke ora bisa ngertenai kahanan. Pranyata rasa sedhiih iku ora pantes dituduhake wong liya. Rasa bingar lan seneng iku nuduhake kuwate batin lan pinter ngenadhaleni emosi lan egone. (Soemardjo, 2014:162)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake luput kang dirasakake Asih nalika Arini njaluk pegat. Pamawas yen sing njalari pegate Prono lan Arini ora ana liya mung dheweke. Saka wiwitna nalika Arini meruhi Asih nangis ana ingadicara nikahane. Panyangkane Arini yen Asih nangis kepara Prono. Prono sing ditresnani sumandhing karo wanodya liya. Asih rumangsa luput merga ora bisa njaga emosi batine. Rasa luput kang tansah ngrungkepi atine ditambahi karo grambyangane yen tumindake nangis ana papan nikahane Prono lan Arini bisa ndadekake ruwete swasana. Sing kudune padha seneng-seneng ganti sedhiih merga meruhi kedadeyan nangise kaya mangkono.

Mekanisme Pertahanan Ego sajrone Paraga Utama Wanita

Mekanisme pertahananego digunakake kanggo ngurangi tegang kang dirasakake saben pawongan. Sajroning novel *Purnama Kingkin*, paraga Asih nggunakake *mekanisme pertahananego* kang maneka werna, yaiku:

Rasionalisasi

Rasionalisasi minangka wujud mekanisme pertahanan kang digunakake dening pawongan kanggo mbenerake tumindake marang awake dhewe lan wong liya. *Rasionalisasi* nduweni rong tujuwan yaiku kanggo ngurangi rasa gelane nalika ora bisa oleh apa kang dipengin. Sing kaloro yaiku menehi sawijining motif kang bisa ditampa saka tumindake kasebut (Hilgard sajrone Minderop, 2011:35).

Asih nggunakake mekanisme pertahanan *Rasionalisasi* kanggo ngurangi rasa gelane nalika ora bisa oleh apa kang dipengin. Nalika Asih isih saomah karo Prono, ora bisa diselaki yen dheweke nduweni rasa tresna marang Prono. nanging dheweke rada kuwur nalika ngertenai yen Prono wis sesandhingan karo Arini, lan uga wong tuwane kaloro wis padha ngestoni. Pungkasane Asih pindhah ana Polindes liya kanggo ngilangi rasa larane. Kaya pethikan ing ngisor iki:

Asih kelingan Prono lan Arini, sing wis suwe ora ketemu. Saupama jujur ngono, ing atine Asih isih ana simpenan katresnan marang Prono. Nanging dheweke kudu mbuwang pangrasa iku mau sing adoh, jalaran Prono katone wis tresna marang Arini, lan wong tuwane uga wis mangestoni sesambungane. Tujune banjur dipanggokake ana Polindes. Baka sethithik asih bisa nglalekake Prono. Banjur tekane Andik nggawa pangarep-arep anyar. (Soemardjo, 2014:79)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Asih nyoba ngurangi gelane nalika ora bisa sesandhingan karo Prono, amarga Prono wis karo Arini. Asih sajrone atine pengin nresnani Prono, snyatane isih ana simpenan katresnan marang Prono. Saka reroncening lelakon ing ndhuwur, bisa ditegesi yen Asih nggunakake mekanisme pertahanan *Rasionalisasi* kanggo mbenerake tumindake marang awake dhewe. Kanggo ngurangi rasa gelane, Asih pindhah ana Polindes lan ora manggon ana omahe bulike sing kalebu ibune Prono. Kekarepane supaya dheweke bisa nglalekake Prono saka pikiran lan atine. Tujuwan *mekanisme pertahanan Rasionalisasi* sing kaping loro yaiku menehi sawijining motif kang bisa ditampa saka tumindake. Motif kang dimaksud yaiku dheweke ngarap-arep tekane Andik supaya bisa nglalekake Prono.

Sublimasi

Sublimasi kalebu cara sing ditindakake kanggo ngilangi rasa ora kepenak ing ati kanthi cara nglipur dhiri utawa nindakake pakaryan sing luwih miguna. Mligine tindakan-tindakan kang miguna tumrap sosial.*Sublimasi* digunakake dening Asih nalika dheweke bingung kudu tumindak kepriye wektu ngelingi priya sing ditresnani

sesandhingan karo wanodya liya. Kepriye carane kanggo ngilangi rasa lara sajrone ati, kepriye carane ngilangi pikiran sing gegayutan karo pawongan sing ditresnani. Kaya pethikan ing ngisor iki:

Dumadakan Asih kudu eling karo mas Prono maneh. Wis ana sawulanan luwih dheweke ora nate sambung karo mas Prono. Asih dhewe yawis rada ora mikir mas Prono jalaran akeh kesibukan bareng-bareng karo Andik sakancane Mahasiswa liyane sing nganakake KKN ana desa kono. Satemene Asih luwih seneng yen wektu-wektune kebak kesibukan-kesibukan kaya dina-dina wingi, atine seneng, guyon bareng, nganakake kegiyatan bareng. (Soemardjo, 2014:33)

Pethikan kasebut nuduhake nalika Asih nggunakake *mekanisme pertahanan Sublimasi* kanggo ngganteni rasa sing ora kepenak sajrone atine kanthi cara nglakoni pakaryan-pakaryan sing luwih migunani. Dheweke ngurusi kegiyatan mahasiswa KKN sing ana desa kono. Tujuwane yaiku supaya Asih bisa ngilangi rasa ora kepenak sajrone atine sawise meruhi yen Prono wis sesandhingan karo wanodya liya. Kanthi cara nindakake kegiyatan sosial sing dipandhegani karo pra mahasiswa. Saperangan paedah sing bisa kajupuk saka pakaryan sosial iku kaping pisan dheweke isa nulungi marang wong liya sing mbutuhake kanthi cara nindakake kegiyatan sosial. Kaping lorone dheweke bisa nglalekake lelakone urip sing sesambungan karo gegambarane Prono sing tansah ditresnani.

Proyeksi

Proyeksi minangka sawijining tumindak kang ditindakake pawongan kanggo nutupi tumindak salahe kanthi sengaja. Miturut Hilgard (sajrone Minderop, 2011:34) proyeksi minangka *mekanisme* kang ora disadhari nanging mesthi ngayomi awake dhewe saka pengakuwan. Sipat kang mligi saka *proyeksi* yaiku subjek-subjek saka rasa pangrasa kasebut dhewe yaiku manungsane dhewe sing diowahi. Minangka gegambarane bisa dituduhake ing pethikan sabanjure:

Asih najur ngacarani tamune supaya pinarak mlebu. Inmg batin satemene ana rasa sing

ora kepenak kanggone Asih nampa tamu mas Prono ijenan. Asih takon maneh kena apa Prono kok mung ijenan wae. Prono kandha yen mentas saka tilik ibune banjur mampir menyang Polindes.

Ana perlu apa ta mas sajake kok merlokake tindak mrene dhewe.

Ora ana apa-apa. Perlune ya mung kangen kowe.

Kangen? Asih dadi kecipuhan bareng krungu Prono kandha kangen. Dheweke bingung arep mangsuli apa. Banjur Prono kandha maneh karo takon.

Sik ta As, nganti sakiki aku isih angen-angen sikepmu nalika mantenu winginane. Kena apa ta As, kowe kok kaya nangis.

Pangapurane sing gedhe, mas, aku ora bisa ngampah rasa seneng lan bagya mulyaning atiku bisa nyekseni mas Prono sesandhingan karo mbak Arini.

Krungu wangslane Asih kaya mangkono iku, Prono meneh sedela banjur ucape “aku ora percaya, As. Kowe mesthi sedhilih nyawang aku nikahan karo Arini”.

“temenan mas, aja kliru ing panampa”.

Tanpa dirasa eluhe asih ora kena diampah, mili nelesi pipine. Atine molak-molak adhep-adhepan karo wong sing tansah ditresnani. Suwe-suwe tangise ambrol nganti mingseg-mingseg.

(Soemardjo, 2014:152)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Asih nggunakake *mekanisme pertahanan proyeksi* kanggo nutupi tumindak salahe kanthi sengaja. Dheweke nutupi tumindak salahe kanthi cara ngomong yen dheweke seneng lan bagya mulya nalika ana ing nikahane Prono

lan Arini. Pranyata sabenere dheweke sedhiih lan meruhi kahanan priya sing ditresnani sesandhingan karo wanodya liya. *Proyeksi* minangka mekanisme kang ora disadhar nanging mesthi ngayomi awake dhewe saka pengakuan. Dheweke ora gelem yen upama Prono mangerteni sedhihe Asih nalika nekani resepsi pernikahane. Mula saka iku kanthi cara ngomong sing ora sanyatane bisa ngayomi dheweke saka lelakon sing ora dipenginake.

Represi

Represi yaiku mekanisme sing ditindakake *ego* kanggo ngurangi rasa kuwatir kantrihi cara meksa dorongan-dorongan utawa pepinginan sing dadi panyebabe rasa kuwatir kasebut menyang sajrone ora sadhar. Freud ngandharake yen dorongan-dorongan sing sing direpres iku tetep aktif ing jerone alam ora sadhar, lan mbutuhake energi psikis sing gedhe kango njaga supaya ora muncul menyang alam sadhar. Ngurangi energi sing dilakoni *mekanisme represi* iku bisa menehi akibat arupa ora efektive *ego* sajrone tumindake individu. Saliyane iku, Freud uga ngandharake yen dorongan-dorongan sing direpres bisa lolos, lan muncul menyang njaba lumantar mimpi utawa salah ngomong. Kaya lelakone paraga Asih ing pethikan ngisor iki:

Asih banjur kelingan bulike
olehe duka ora karu-karuwan
marang dheweke.
Mbokmenawa pancen bener
ngendikane, yen dheweke
wong sing ora ngerti
ditulung. Ditulung malah
menthung, ngrusak rumah
tanggane Prono. Ora krasa
eluhe dleweran. Asih banjur
nduwe pepenginan lunga
sing adoh ninggalake papan
penggaweyane. Embuh lunga
menyang ngendi sauger bisa
nglalekake lelakone.
(Soemardjo, 2014:164)

Pangeling-eling sing nglarani atine Asih ndadekake anane ketegangan. Bab kasebut dijalarai saben dina mikir kedadeyan sing nate dialami kepungkur. Pamikiran-pamikiran utawa pangeling-eling nalika dheweke didukani bulike ora karu-karuwan. Asih didakwa sing njalari pegatan antarane Arini karo Prono, banjur dheweke nduweni pepenginan kanggo ngurangi rasa kuwatir sing dirasakake kanthi cara pindhah saka desa kono. Kanthi cara pindhah kerja ing desa liya, pangajabe supaya Asih bisa nglalekake lelakone paite ing dina kepungkur. Lelakon sing ora ngepenaki bab rusake

balewisma antarane Prono lan Arini. Sing akeh wong ngira rusake saka tumindake Asih iku.

PANUTUP

Dudutan

Analisis struktur kapribaden mujudake maneka gegambaran ngenani psikologi sastra mligine ing psikoanalisis Sigmund Freud. Asih minangka paraga utama wanita kang nduweni *id* kang luwi gedhe tinimbang *ego* lan *superego*. Kanthi id sing luwi gedhe, pepinginan-pepinginan sajroning atine akeh kang ora disembadani karo *ego-ne*. Mula antarane *id* karo *ego* ora bisa selaras utawa *id* ora disembadani karo *ego* lan *superego* bakal nuwuhake problem kajiwane paraga utama wanita, amerga paraga utama wanita amung nduweni pepinginan sajroning atine tanpa pengin mujudake.

Problem kajiwane kang onjo sajrone paraga utama wanita ing novel iki ana lima, yaiku bingung, sedhiih, keduwung, kuwatir, lan luput. Saka kalima problem kasebut sing paling onjo yaiku ngenani bingung, amerga sajroning atine ora nduweni sesambungan antarane pepenginan lan kasunyatan. Problem kajiwane kasebut tuwu amerga *id*, *ego*, lan *superego* kang kadhang ora bisa lumaku kanthi selaras.

Mekanisme kang digunakake ana papat yaiku *rasionalisasi*, *sublimasi*, *represi* lan *proyeksi*. *Rasionalisasi* minangka wujud mekanisme pertahanan kang digunakake dening pawongan kanggo mbenerake tumindake marang awake dhewe lan wong liya. *Sublimasi* kalebu cara sing ditindakake kanggo ngilangi rasa ora kepenak ing ati kanthi cara nglipur dhiri utawa nindakake pakaryan sing luwi miguna. *Proyeksi* minangka sawijining tumindak kang ditindakake pawongan kanggo nutupi tumindak salahe kanthi sengaja. *Represi* yaiku mekanisme sing ditindakake ego kanggo ngurangi rasa kuwatir kantrihi cara meksa dorongan-dorongan utawa pepinginan sing dadi panyebabe rasa kuwatir kasebut menyang sajrone ora sadhar. Mekanisme kang digunakake beda-beda amerga problem kang dialami uga beda-beda. Mula mbutuhake mekanisme tartamtu kanggo mungkasi bab tartantu.

Pamrayoga

Panliten tumrap novel *Purnama Kingkin* anggitane Sunaryata Soemardjo mujudake trap-trapan kang kapisan sing isih bisa diteliti maneh. Babagan *Psikologis* sing kawedar mung salasawijining perangan kang narik kawigaten lan isih akeh perangan liya kang perlu diteliti saengga tumrap novel *Purnama Kingkin* iki bisa luwi jero. Mula saka iku, dikarepake panliti liya

kanggo nliti objek kang padha kanthi luwih jero saka maneka werna aspek.

Kanthi anane novel *Purnama Kingkin* iku, diajab bisa nuwuhake greget marang para pamaca kanggo nuwuhake karya sastra kang nduweni nilai-nilai panguripan kang bisa didadekake patuladhan. Tumrap sastra Jawa panliten iki diajab bisa menehi sumbangan marang pangrembakaning sastra Jawa, mligine ing sasta Jawa modern. Panliten iki uga dikarepake muga bisa marangi saperangan piwulang sing ngrembug babagan psikologi mligine ing psikologi sastra.

Wellek, Rene lan Austin Warren. 1990. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

KAPUSTAKAN

- Alwisol. 2012. *Psikologi Kepribadian*. Malang: UMM Press.
- _____. 2008. *Psikologi Kepribadian*. Malang: UMM Press.
- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian; Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- _____. 2008. *Metode Penelitian Sastra Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Med Press.
- Feist, Jess lan Gregory J. Feist. 2010. *Teori Kepribadian*. Jakarta: Salemba Humaniora.
- Hall, Dalvin S. 1980. *Sigmund Freud Suatu Pengantar ke dalam Ilmu Jiwa Sigmund Freud*. Terjemahan S. Tsris. Bandung: PT Pembangunan.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT Tiara Wacana Yogyakarta.
- Koeswara, E. 1991. *Teori-Teori Kepribadian*. Bandung: PT Eresco.
- Minderop, Albertine. 2013. *Psikologi Sastra*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- _____. 2011. *Metode Karakterisasi Telaah Fiksi*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Moleong, Lexy J. 2006. *Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Rosdakarya.
- Muis, Saldun. 2009. *Kenali Kepribadian Anda dan Permasalahannya dari Sudut Pandang Teori Psikoanalisis*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Najid. 2009. *Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Nazir, Moh. 1988. *Metode Penelitian*. Jakarta: Galia Indonesia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. 2010. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Soemardjo, Sunaryata. 2014. *Purnama Kingkin*. Yogyakarta: Azzagrafika
- Suryabrata, Sumadi. 2004. *Psikologi Kepribadian*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.